


# Premye Swen pou Ovèdòz Opyoyid



Naloksòn se yon medikaman san danje ki ka envèse efè yon ovèdòz opyoyid. Li mache pou opyoyid sèlman, tankou fentanil. Yo jwenn fentanil nan anpil dwòg, paregzanp kokayin ak metanfetamin. Pa gen danje pou pran naloksòn menm si moun nan pa t pran opyoyid. Moun ki pran dwòg ki pa opyoyid kapab kanmenm riske fè ovèdòz.

## W ap jwenn twous naloksòn nan la a:

### Men kèk siy ovèdòz opyoyid:

- Moun nan sou blòk glas oswa li endispoze
- Respirasyon an ralanti oswa sispann
- Pobouch la oswa pwent dwèt yo ble, gri oswa blan
- L ap fè bwi wonfle oswa glouglou
- Mis yo rèd

Si ou panse yon moun ap fè ovèdòz, gade si l ap reyaji lè ou rele nan zòrèy li. Si li pa reyaji fouye zo biskèt li ak pwen ou (masaj estènòm)

### Si li pa reyaji lè ou mase estènòm:

1. Rele **911** pou èd medikal.
2. Bay moun nan naloksòn: ouvè pake a, mete bouch ponp la nan yon twou nen epi peze piston an.
  - Si pa gen reyaksyon apre de (2) minit, bay yon dezyèm dòz nan lòt twou nen an.
3. Si moun nan pa reyaji apre naloksòn, fè respirasyon sovtaaj oswa resisitasyon kè (w ap jwenn yon ekran pou figi nan twous naloksòn nan).
  - Panche tèt moun nan pa dèyè epi penchen nen li. Bay de (2) souf pou kòmanse, epi apre sa yon souf chak senk segonn.
  - Gade si pwatrin li ap leve.
4. Lè ou p ap bay naloksòn oswa respirasyon sovtaaj, mete moun nan sou kote pou li pa trangle.
5. Rete ak moun nan jiskaske èd medikal la rive.



Ouvè

Mete

Peze

Pou plis enfòmasyon, eskane kòd QR la oswa ale sou [nyc.gov/health/naloxone](https://nyc.gov/health/naloxone).



**NYC**  
Health